



Pou Piblikasyon Imedya: 24/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**NAN KA KE OU TE RATE LI: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON AMANN ISTORIK
15.2 MILYON DOLA POU OPERATÈ KANABIS ILEGAL**

Yon amann 15.2 milyon dola kont David Tulley, pwopriyetè yon biznis k ap opere sis boutik kanabis ilegal; Pi gwo penalite yo te bay nan Eta New York jiska prezan

Jijman an fèt yon mwa aprè Gouvènè Hochul te adopte nouvo pouvwa pou ede mete fen ak operatè kanabis san lisans yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse yon desizyon enpòtan kont operasyon ilegal kanabis Biwo Pwokirè Jeneral (Office of the Attorney General, OAG) la ak Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management, OCM) la te jwenn yon desizyon tribinal pou enpoze yon amann 15.2 milyon dola—pi gwo amann jiska dat nan Eta New York—kont David Tulley, pwopriyetè yon biznis ki pa gen lisans k ap opere sis boutik kanabis ilegal nan konte Oswego, Cayuga ak Wayne.

"N ap mete fen ak boutik kanabis san lisans k ap febli lwa nou yo epi ki mete sekirite piblik an danje," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen te pran angajman pou pwoteje kominote nou yo ak sipòte biznis legal kanabis yo nan mete fen ak operasyon ilegal sa yo rapidman. Desizyon sa a bay yon mesaj klè ak operatè ilegal yo ke Eta New York pa pral tolere aktivite ilegal kanabis e konsekans yo pral grav."

Pwokirè Jeneral Eta New York la, Letitia James, te deklare, "David Tulley te vann kanabis ilegalman nan plizyè magazen nan pati nò ak santral New York epi li te vann pwodwi ki pa reglemante bay kliyan minè yo. Magazen ilegal ak san lisans sa yo ap miltipliye nan tout eta a epi yo fè mal nan kominote nou yo. Jodi a, David Tulley ap peye pri 15 milyon dola pou aktivite ilegal li yo ki repete. Sanksyon sa a ta dwe sèvi kòm yon avètisman klè pou tout magazen kanabis ki pa gen lisans nan eta a: nou pral fè respekte lalwa epi mete fen ak operasyon ou yo."

Sanksyon istorik sa a se rezilta aksyon Biwo Pwokirè Jeneral (OAG) te depoze 21 novanm 2023, nan non Biwo Jesyon Kanabis (OCM), ki se te premye demann èd ijans li nan Seksyon 16-a nan Lwa sou Kanabis, yon dispozisyon ki fèk adopte.

Desizyon tribinal kont Tulley a pral mande pou yo konfiske 90 pousan salè ilegal yo nan vann kanabis ant fevriye 2022 ak me 2023, atravè tout lokal yo. Tulley ap fè fas a yon

penalite 10,000 dola pa jou pou zafè vann kanabis san lisans, ki monte a 20,000 dola pa jou paske l kontinye vann san lisans aprè li fin resevwa yon Avi Vyolasyon. Anplis de sa, Tulley te resevwa yon penalite 5,000 dola paske yo te retire yon avi vyolasyon nan lokal Lyons, NY yo a nan dat 27 jen 2023. Tulley responsab tou pou ranbouse Biwo Pwokirè Jeneral la 1,324.98 dola pou depans yo. An total, jijman kont Tulley an rive nan montan 15,253,954.10 dola pou restitasyon ak sanksyon, plis enterè.

Jijman sa a, ki fèt jis yon mwa aprè Gouvènè Hochul te adopte [nouvo pouvwa fò de lòd yo](#), etabli yon antesedan enpòtan ki pèmèt Eta a pouswiv fèmti pwolonje pou etablisman yo jwenn koupab nan vant ilegal kanabis. Nan mwa avril, Gouvènè Kathy Hochul te devwale nouvo inisyativ pou mete fen ak operasyon kanabis ilegal yo epi pwoteje mache legal la nan kad Bidjè Ane Fiskal 25 ki te adopte a. Nouvo lwa yo bay Biwo Jesyon Kanabis (Office of Cannabis Management, OCM) ak minisipalite lokal yo nouvo otorite pou pran mezi kont magazen ilegal ak moun ki pèmèt yo. Inisyativ yo se seri politik ki pi solid yo te adopte jiskaprezan pou atake mache kanabis ilegal la.

Direktè Aplikasyon Lwa pou Biwo Jesyon Kanabis Eta New York, Daniel Haughney te deklare, "Amann enpòtan sa a voye yon mesaj klè bay operatè ilegal yo ke Eta a pral fè respekte règleman sou kanabis avèk fòs pou asire sekirite ak entegrite endistri a. Aksyon desizif nou kont aktivite ilegal yo demontre angajman nou pou pwoteje konsomatè yo epi kenbe kondisyon konkirans ekitab pou biznis lejitim yo. Sa a se yon moman esansyèl pou Eta New York la, ki montre devouman enkonidisyonèl nou pou fè respekte lalwa ak elimine operatè ilegal nan kominote nou yo, tan ou nan vil la fini. Epitou, nou ta renmen remèsye Cherif Rob Milby ak Biwo Cherif nan Konte Wayne pou asistans inestimab yo nan egzekite travay ranfòsman sa a. Devouman yo ak sipò yo te enpòtan nan dewoulman operasyon yo san pwoblèm epi efikas, asire ke aksyon ranfòsman yo te egzekite avèk presizyon ak sekirite. Kolaborasyon ant Biwo Jesyon kanabis, Biwo Pwokirè Jeneral la, ak ajans lokal yo ki fè respekte lalwa tankou Biwo Cherif nan Konte Wayne demontre enpòtans yon fwon ini nan fè respekte lalwa ak pwoteje kominote nou yo kont aktivite ilegal kanabis."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)